**LEMBAGA PENDIDKAN MA'ARIF NU**
**YAYASAN PENDIDIKAN AL ISLAM JEPARA**
**MADRASAH IBTIDAIYAH AL ISLAM**
**Terakriditasi A**

| NAMA | MAPEL |
|---|---|
| KELAS | TANGGAL |

1. **Tembang macapat iku cacahe ana…**
   a.8
   b.9
   c.10
   d.11

2. **Tibane swara ing pungkasane gatra arane…**
   a.guru gatra
   b.guru wilangan
   c.pada
   d.guru lagu

3. **Dadi pathokane tembang pangkur yaiku…**
   a. 8a, 11i, 8u, 8a, 12u, 8a, 8i.
   b.11a, 11i, 8u, 12a, 12u, 8a, 8i.
   c.8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i.
   d.7a, 12u, 8a, 8i, 8a, 11i, 8u,

4. **Cacahe wanda saben sagatra,arane…**
   a.pada
   b.guru gatra
   c.guru wilangan
   d.guru lagu

5. **Tembang pangkur iku watake…**
   a.sabar
   b.seneng
   c.lerem
   d.serah

6. **Ala lan becik punika prayoga kawruhana.prayoga tegese…**
   a.lumrah
   b.becik
   c.kudu
   d.putra

7. **Tetembungan ing sajerone tembang,arane…**
   a.cakepan
   b.katon
   c.lumrah
   d.siyang ratri

**Kanggo mangsuli pitakon no. 8 – 10, wacanen wacan ing ngisor iki!**

**Jaka Danu**

Jaman mbiyen ing kampung Si Geseng wewengkon Pekalongan ana wong sekti. Asmane Ki Sadipa. Wong iki duwe kaluwihan gawe prau. Ki Sadipa duwe anak lanang jenenge Jaka Danu.

Pinuju Ki Sadipa golek kayu ing alas kanggo gawe prau. Olehe golek kayu direwangi murid-muride. Naliki wis oleh kayu sing dikarepake banjur ditegor. Emane murid-muride ora kuwat nggawa saking gedhene. Ki Sadipa nyoba njaluk tulung marang wong sacedhake alas kono. Nengahi Ki Sadipa lunga, Jaka Danu jebul sumusul tekan kana. Dheweke nyoba ngangkat kayu gedhe sing isih gumlethak iku.

Anehe kanthi ora kangelan tur sajak entheng, Jaka Danu ngangkat lan mikul kayu iku. Meruhi bab iku murid-muride Ki Sadipa padha gumun.

8. **Irah-irahan wacan ing ndhuwur yaiku …**
   a. Jaka Danu
   b. Gumun
   c. Ki Sadipa
   d. Si Gesang

9. **Tujuane Ki Sadipa golek kayu ing alas yaiku …**
   a. kanggo gawe prau
   b. kanggo pegawean murid-muride
   c. kanggo gawe umah
   d. ing alas akeh kayu gedhe

10. **Jaka Danu duwe kaluwihan saka wong liyane yaiku dhweke bisa ...**
    a. ngangkat lan mikul kayu gedhe
    b. negor kayu kang gedhe
    c. golek kayu gedhe
    d. gawe gumun marang wong liya

**Ngingu Bebek**

Wiwit biyen nganti sakiki isih akeh wong seneng ingon-ingon . Embuh ngingu pitik, bebek, sapi, kebo, lan sakpiturute. Wong ndeso iku yo umume seneng banget ingon- ingon . Terkadang bubar nyambut gawe kesel- kesel yo isih golek pakan kanggo raja kaya utowo temak liyane, kaya dene dene sapi utowo kebo, iku diarani raja kaya.

Contone kaya Pak Mitra, senengane ngingu bebek. Bebekke Pak Mitra sakiki akeh banget. Alihe ngingu bebek mau wiwit cilik utowo isih meri. Barang wis ana patang wulan bebekke Pak Mitra wis katon gedhe- gedhe. Sing liyane malah ana sing wis ngendog barang.

11. **irah-irahan wacan ing ndhuwur yaiku …**
    a. Ingon- ingon pitik
    b. Ngingu bebek
    c. Ngingu sapi
    d. Ngingu kebo

12. **Kebo, sapi, wedus iku di arani …**
    a. Sato iwen
    b. Raja kaya
    c. Kewan gedhe
    d.raja brana

13. **Bebeke Pak Mitra katon gedhe- gedhe lan malah ana sing ngendog, awit ngendog iku umure pira wulan…**
    a. Sak sasi
    b. Patang sasi
    c. Telung sasi
    d. Rong sasi

14. **Bebekke Pak Mitra sak iki akeh banget, olehe ngingu bebek wiwit….**
    a. Wayahe ngendog
    b. Meri
    c. Bayah
    d. Wis kemlabang

15. **Ana ing kasusastran jawa , puisi ana warna 2 yaiku…**
    a.puisi modern
    b.puisi jawa lawas lan puisi jawa modern
    c.puisi modern kuno lan jawa kuno
    d.puisi jawa lan jawa

16. **Purwakanthi iku kapareng dadi…**
    a.2
    b.3
    c.4
    d.5

**Lengkapana Tuladha purwakanthi swara seng bener no 17-20**

17. **Ana awan,ana…**
    a.adiguna
    b.pangan
    c.ketara
    d.sega

18. **Adigang adigung …**
    a.pangan
    b. adiguna
    c.ketara
    d.sega

19. **Sing gelem ngalah, bakal …**
    a. lelai ginawa mati
    b. luhur wekasane
    c. ala ketara
    d. mesthi bakal dadi

20. **Yen krasa enak, aja njur lali anak…**
    a.lali tonggo
    b. lali bojo, lali kanca
    c. Witing tresna jalaran se]ka kulina
    d. babat, bibit, bobot, bebet

LIVEWORKSHEETS